

Щыхубэрщ щІэпхъаджащІэхэр изыгъэкІуэтыфынур

2-нэ нап.



Хэкум и цІэр фІыкІэ зыгъэІу

2-нэ нап.



Сэралъп Мадинэ и арт-центрыр илъэси 10 ирокъу

3-нэ нап.



Пашэхэм гъунэгъу яхуохъу

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№106 (24.388) ● 2022 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 6, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

## Дунейпсо рекорд Бахъсэн щІыналъэм щагъэув



4-нэ нап.

## КІуэкІуэ Казбек республикэм исхэм захуигъэзащ

# Терроризмэм ебэнынымкІэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм теухуауэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Терроризмэм ебэнынымкІэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм теухуауэ республикэм исхэм захуигъэзащ.**

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэу пщІэ зыхуэсщІхэ! Терроризмэм ебэнынымкІэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм дэ хуабжьу дигу къеуэу дигу къыдогъэкІыж экстремистхэм зэхащІыхьа хьэкІэкхъуэкІагъэхэм къыхэкІыу Урысейм и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыхэкІуэдахэр. Гъэунэхуныгъэ хьэлъэу икІи гузэвэгъуэ ину щытащ илъэс 18 япэкІэ Беслъэн къалэм террористхэм щызэхащІыхьа щІэпхъаджагъэр. ЦІыху лажьэншэу щэ бжыгъэхэр хэкІуэдащ, я нэхъыбапІэр сабийуэ.



Террористхэм я гущІэгъуншагъэмрэ хьэкІэкхъуэкІагъэмрэ я гъащІэр ихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыху пщІы бжыгъэхэм. 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м террористхэр Налшык къыщытеуа махуэ закъуэм цІыху мамыру 14, хабзэхъумэ органхэм я лэжьакІуэу 35-рэ яукІащ.

Террористхэм яІэщІэкІуэда псори дэ зэи дигу ихункъым.

Дэ ди къалэн лъапІэщ экстремизммэрэ терроризмэмрэ я идеологиер ди гъащІэм зэи зэран къыхуэмыхъуныр къызэдгъэпэщыну. Мыбдеж мыхьэнэшхуэ иІэщ терроризмэм и шынагъуэм дыпэщІэтын папщІэ дызэкъуэтыным, властым и органхэм, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм, граждан жылагъуэ ІуэхущІапІэхэм, цІыхубэм я къарур зэкъуэгъэувэным.

Дызэкъуэтмэ, терроризмэм дызэрыпэлъэщынум, иджырей гугъуехьхэр, сыт хуэдэ шынагъуэри къызэрызэднэкІыфынум шэч къытесхьэркъым», - къыщыгъэлъэгъуащ республикэм и унафэщІым цІыхухэм зэрызахуигъэзам.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я ІуэхущІапІэ.*

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек фокІадэм и 2-м видео ІэмалкІэ хэтащ УФ-м и Правительствэм ЩІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и комиссэм и зэІущІэм.**

# ЗэгурыІуэныгъэщІэ зэращІылІэ




ЗЭХУЭСЫР иригъэкІуэкІащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хуснуллин Марат. Зи гугъу ящІынухэм ятеухуауэ къэпсэлъащ ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министр Файзуллин Ирек. ЗэІущІэм кърихьэлІахэр зытепсэлъыхь Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ инфраструктурэм епха проектхэр, бюджетым къыхэкІ кредитхэмкІэ ягъэзащІэхэр, пхыгъэкІа зэрыхъур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэхэм я щапхъэу щолэжь километр 75-рэ зи кІыхьагъ бжьамийхэр укъуэдииным, ар Бахъсэн щІыналъэр псыкІэ къызэгъэпэщыным хуэгъэзащ. Республикэм и Іэтащхьэм зэрыжиІэмкІэ, проектым мащІэу хэмылэжьыхьыжу хъуакъым, лэжьыгъэм ирахьэлІэ пкъыгъуэхэм ящыщхэр къаІэрыхьэныр санкцэхэм я зэранкІэ зэрызэблэуам къыхэкІыу. ЗэгурыІуэныгъэщІэ зэращІылІащ, къэралым къыбгъэдэкІыу а лэжьыгъэм трагъэкІуэдэну сом меларди 2,7-рэ къыхуаутІыпщыну. Бахъсэн псы езышалІэ бжьамийхэр укъуэдииным нэхъ шэщІауэ елэжьын щыщІадзэнур зэгурыІуэныгъэм епха унафэ псори къащта нэужьщ.

# Гуапэу зэхущцытыну къыхураджэ

● ПэкІухэр

**ФокІадэм и 3-м, Терроризмэм пэщІэтыным и махуэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр щекІуэкІащ. Абыхэм ящыщ зыт Налшык къалэ илъэс къэс къыщызэрагъэпэщ пэкІур.**

КЪЭРАЛ киноконцерт гъэлъэгъуапІэм и гупэм деж щызэхуэсащ республикэ унафэщІхэр, жылагъуэ ІуэхущІапІэхэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмрэ я лІыкІуэхэр, нэхъыжьхэр, щІалэгъуалэр, лъэпкъ, дин зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщхэр.

«КъБР-м терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щапэщІэтын» программэм хыхьэу, «КъБР-Медиа» къэрал ІуэхущІапІэм Къалэн куэд щагъэзащІэ щІалэгъуалэ центрыр и гъусэу, абдеж акцэ щрагъэкІуэкІащ. Республикэм и волонтёрхэм ягуэшащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я ныпхэр, терроризмэм пэІэщІэу щытын зэрыхуейр зытетха плІэ, пыІэ цІыкІухэр, тхылъымпІэхэр.

ПэкІум ягу къыщагъэкІыжащ 2004 гъэм фокІадэм и 1 - 3-хэм Беслъэн къалэм къыщыхъуауэ щыта гузэвэгъуэр, щІэпхъаджащІэхэм я зэранкІэ цІыху 300-м щІигъу абы щыгъуэм зэрыхэкІуэдар (нэхъыбэр цІыхубзрэ сабийуэ). А Іуэхугъуэрщ Урысейм фокІадэм и 3-м махуэ хэха щІыщагъэувар. А махуэм щІэпхъаджащІэхэм яІэщІэкІуэдахэм я фэеплъым пщІэ хуащІ, терроризмэм къару псомкІи зэрыпэщІэтынур къагъэлъагъуэ.

ПэкІум кърихьэлІахэм дыуэ яригъэщІащ КъБР-м ис Муслъымэнхэм я дин ІуэхущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэ **Сыжажэ Алим**. ИужькІэ къэпсэлъащ Налшык округым, Псыхуабэ, Шэрджэс епархием я члисэхэм я благочиннэ **Бобылёв Валентин**. Абыхэм цІыхухэр къыхураджащ мамырыгъэм щІэкъуну, гуапагъэ яхэлъыну.

Зэхуэсым хэтхэм зыхуагъэзащ щІалэгъуалэ, ветеран зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэми. Дэтхэнэми къызэхуэсахэм фІыщІэ хуащІащ къызэрагъэпэща Іуэхум и мыхьэнэр зэрызыхащІэм, зэгурыІуэ щыІэным зэрыхущІэкъум папщІэ.

### Зэхуэсхэм пащэу

Волонтёр Іуэхум зегъэужьынымкІэ республикэ ресурс центрми а махуэм щытепсэлъыхьащ «Терорым къэкІуэн иІэкъым. Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщІэтын» зыфІаща Іуэхум. Абы хэтахэм яхуеблэгъащ КъБР-м и ДУМ-м и лІыкІуэм жылагъуэм ядэлэжьэнымкІэ и дэІэпыкъуэгъу **Амщыкъуэ Анджелэ**, КъБР-м щыІэ МВД-м Экстремизмэм пэщІэтынымкІэ и центрым и лІыкІуэхэр, Урысейм и ФСИН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и унафэщІым и къуэдзэ, къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ подполковник **Бий Хьэфисэт**, волонтёр Іуэхум зегъэужьынымкІэ республикэ ресурс центрым и модератор **Къумахуэ Элинэ**, студентхэр, волонтёрхэр.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ экстремизм гупсысэхэм лъабжьэ яхуэхъум, абыхэм щІалэгъуалэр пэІэщІэ зэрыщІыпхъэ Іэмалхэм, лъэпкъ, дин зэхущытыкІэхэм, балигъ ныбжьым нэмысауэ экстремизм щІэпхъаджагъэ хэхуахэм ирагъэхь административнэ, уголовнэ жэуапхэр зыхуэдэм.

ЩІалэгъуалэр къыхураджащ социальнэ сетхэм набдзэгубдзаплъэу исыну, губжь зыхэлъ Іуэхухэм щытемыпсэлъыхьыну, щІэпхъаджащІэхэм япэІэщІэу щытыну.

### Лэскэн щІыналъэм

Урысейм и МВД-м Лэскэн районым щиІэ къудамэм и лэжьакІуэхэр Терроризмэм пэщІэтыным и махуэм яІуущІащ Хьэтуей къуажэм Долым и цІэр зэрихьэу дэт курыт школым и егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ.

Абыхэм яхутепсэлъыхьащ щІэпхъаджагъэ Іуэхухэм зыщыхъумэным и мыхьэнэм, Терроризмэм пэщІэтыным и махуэр къызэрыунэхуам, апхуэдэ шынагъуэ щыІэ хъумэ, дэтхэнэми ищІэн хуейм.

- Нобэ, терроризм Іуэхухэм хэкІуэдахэр дигу къыщыдгъэкІыжкІэ, дыхущІэкъун хуейщ щІэпхъаджагъэ къызэрыдмыгъэхъуным. Абы щхьэкІэ зы гупсысэ дытету дызэкъуэувэн хуейщ, - къыхагъэщащ къызэгъэпэщакІуэхэм.

Къызэхуэсахэр дакъикъэкІэ яхуэщыгъуащ щІэпхъаджащІэхэм яІэщІэкІуэдахэм, апхуэдэуи сурэт зэгъусэу зытрагъэхащ, «Урысейр терорым и бийщ», «Терроризмэр щремыІэ!» псалъэхэр зытет плакатхэр яІыгъыу.

### КъэкІуэнур зейхэм папщІэ

Урысейм и МВД-м и Бахъсэн къудамэми пэкІу щекІуэкІащ Терроризмэм пэщІэтыным и махуэм ирихьэлІэу. Зэхуэсым хэтащ ІуэхущІапІэм и ІэщІагъэлІхэр, абы епхауэ лажьэ Жылагъуэ советым и унафэщІ **Доткъул Сэфарбий**, Бахъсэн районым и щІыпІэ администрацэм и лэжьакІуэхэр, Бахъсэн къалэм и курыт школым щеджэхэр.

Зэхуэсым къыщыхагъэщащ ди Хэку лъэщым и цІыхухэр дунейпсо терроризмэм пэщІэтынымкІэ зэкъуэувэн зэрыхуейр, къэралымрэ къэкІуэнур зей щІэблэмрэ мамыру псэун щхьэкІэ.

- БлэкІа илъэсхэм къэхъуа гузэвэгъуэхэм хуэдэ щымыІэныр зэлъытар дэращ. Къарууэ хъуар етхьэлІэн хуейщ лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэр дызэгурыІуэным, мамыру дыпсэуным, - къыхагъэщащ къэпсэлъахэм.

ПэкІум и кІэм удз гъэгъахэр тралъхьащ къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм ящыщу зи къалэныр зыгъэзащІэу хэкІуэдахэм я фэеплъым.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**








# ТекІуэныгъэм и диктантым жылэр зэкъуегъэувэ

**Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкІэ и къэрал институтыр иджыблагъэ зэрыкъэралу ятха «ТекІуэныгъэм и диктантым» и зы утыкушхуэ хъуат.**

ЖЭРДЭМ дахэр Урысей тхыдэ зэгухьэныгъэм, Урысей дзэ-тхыдэ хасэм, «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» урысейпсо зэщІэхъееныгъэм къыхалъхьащ, щІыналъэхэм щыІэ къэрал къулыкъущІапІэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ жыджэру хэлажьэу ирагъэкІуэкІащ.

«ТекІуэныгъэм и диктант» зыфІаща Іуэхугъуэр илъэс еплІанэ хъуауэ йокІуэкІ, щыпсэу икІи и ныбжь емылъытауэ, хэти и зэфІэкІ абдеж щигъэлъагъуэну, и щІэныгъэр къыщипщытэжыну Іэмал иІащ. Диктантым хэт упщІэхэр псори Япэ дунейпсо зауэмрэ Хэку зауэшхуэмрэ ехьэлІауэ щытащ. КъызэгъэпэщакІуэхэм зэхагъэува упщІэхэр тест жыпхъэм итащ, «ТекІуэныгъэм и диктантым» и сайтым итащ, дэтхэнэми кІуэрыкІуэм тету жэуап ират хъунут. Хамэ къэрал щыщхэм папщІэ диктантым и упщІэхэр бзэ зэмылІэужьыгъуэкІи зэрадзэкІащ. Апхуэдэу упщІэхэр инджылызыбзэкІи, франджыбзэкІи, испаныбзэкІи, чынтыбзэкІи сайтым къыщыбгъуэтыфынут. Урысейм щыпсэухэм щхьэкІэ зэхагъэува упщІэхэр нэхъ гугъуу щытт, хамэ къэралхэм щыщхэм ейм нэхърэ. Ар къызыхэкІыр дунейпсо тхыдэр джыным хухах зэманымрэ гъэкуууауэ зэрырагъэджымрэт.

«ТекІуэныгъэм и диктантыр» хэкупсэуэзэщІакІуэ Іуэхугъуэу зэрыщытым къищынэмыщІауэ, тхыдэмрэ зауэлІ фэеплъымрэ хъумэным хуэунэтІа жэрдэмщ. Мы гъэм екІуэкІари, нэхъапэхэми хуэдэу, ЕтІуанэ дунейпсо зауэр щыувыІа махуэм ирагъэхьэлІащ. Ар ирагъэкІуэкІын папщІэ Урысейм щІыпІэ мин 17-м щІигъу щагъэхьэзырат. Абы къищынэмыщІауэ, диктантыр щатхын папщІэ апхуэдэ зэхуэсыпІэхэр къыщызэрагъэпэщащ Бангладеш къэралымрэ Иордание хьэшим пащтыхьыгъуэмрэ. Диктантыр щатхыну хамэ къэралхэм къыщызэІуаха щІыпІэ щищри Урысейм и лъэпкъэгъуу къилъытэхэм я зэхуэсыпІэщ, хасапІэщ, еджапІэщ. КъызэгъэпэщакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, «ТекІуэныгъэм и диктантыр» я ІуэхущІапІэхэм щатхыну закъыхуэзыгъэзахэри мащІэкъым. Ауэ зэхуэсыпІэ нэхъыщхьэу щытар Мэзкуу къалэм дэт ТекІуэныгъэм и музейрщ.

Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкІэ и къэрал институтым «ТекІуэныгъэм и диктантыр» щызытхахэм яхэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ, абы и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, Лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ и къудамэм и унафэщІэгъу, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкІэ и къэрал институтым и ректор Рахаев Анатолэ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур сымэ.

Парламентым и УнафэщІым къызэрыхигъэщамкІэ, диктантыр и щыпэтхкъым икІи сыт щыгъуи гуапэу хэтщ мыпхуэдэ узэщІакІуэ жэрдэмхэм. «Си гуапэ дыдэ мэхъу «ТекІуэныгъэм и диктантыр» зытххэм я бжыгъэр кІуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъур, абы къыхыхьэ хамэ къэралхэм я бжыгъэми зэрыхэхъуэр. Зыщыщ лъэпкъми, зэрахьэ динми, зытет политикэ Іуэху еплъыкІэми, ныбжьми емылъытауэ, мы Іуэхугъуэ дахэм жылэр, цІыхухэр зэкъуегъэувэ. БлэкІам и дерсхэр ди нобэм и мызакъуэу, пщэдейрей махуэхэми ди гъуэмылэу щытын хуейщ. Мы дунейм зэгурыІуэныгъэрэ мамырыгъэрэ нэхърэ нэхъыфІ щыІэкъым. ДызыхущІэкъун хуейри аращ. Ди япэ ита нэхъыжьхэм я нэгу щІэкІа гузэвэгъуэм къытримыгъэзэн щхьэкІэ, мыпхуэдэ узэщІакІуэ жэрдэмхэм мыхьэнэшхуэ яІэу къызолъытэ», – жиІащ Егоровэ Татьянэ.

ЦІыхухэм еджапІэм къыщІаха щІэныгъэр къэпщытэжыным къыдэкІуэу, тхыдэмкІэ ябгъэдэлъ зэхэщІыкІри гъэкууныным хуэгъэзащ Іуэхугъуэр. «Ди адэшхуэхэмрэ анэшхуэхэмрэ лъырэ нэпскІэ къалъэща ТекІуэныгъэм и пщІэр зымащІэкІи къедгъэлъэхъшэх хъунукъым, ар щыгъэтауэ, апхуэдэ мурад зиІэхэми яхуэддэнукъым. ТекІуэныгъэр къэхьыным абыхэм щІата уасэр зыжьэхэмыуа унагъуэ ди лъахэм искъым. Ди лъэпкъхэм хабзэ дахэ яІэщ - я нэхъыжьхэм я фэеплъыр ягъэгъуащэркъым, адэцІиблкІэ дэІэбейуэрэ я фэеплъыр яхъумэ. Мы Іуэхугъуэри абы ещхьу къэлъытэн хуейуэ къысщохъу. ФымыгъэкІуасэ лъэпкъ щІэжыр, зыщывмыгъэгъупщэ ди япэ итахэм я ІуэхущІафэхэр, я лІыгъэр!» - захуигъэзащ унафэщІым щІэблэм.

Апхуэдэу Егоровэ Татьянэ къызэгъэпэщакІуэхэм къыхалъхьа жэрдэм дахэр цІыхубэр зы гурацэм тезыгъэлажьэ ІуэхугъуэфІу зэрыщытыр къыхигъэщри, апхуэдэ гукъэкІхэр нэхъыбэ ящІыну къыхуриджащ.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**

● Хэкупсэ Іуэхухэр

# Іуащхьэмахуэ лъапэ деж

**Мы махуэхэм ди къэралым и щІыналъэ куэдым щекІуэкІащ «ТекІуэныгъэм и диктант» жылагъуэ хэкупсэ акцэр. Абы и мурад нэхъыщхьэр 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм теухуа Іуэхугъуэхэм, ахэр зи лъабжьэ художественнэ тхыгъэхэм, гъуазджэм и лэжьыгъэхэм цІыхухэр зэрыщыгъуазэр къэхутэнырщ. Диктантым жыджэру хэтщ зи ІэщІагъэкІи, щІэныгъэкІи, еплъыкІэкІи зэхуэмыдэ цІыху минхэр.**

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ щыпсэухэми я Іыхьэ халъхьащ урысейпсо диктантым. Ар щекІуэкІащ еджапІэ зэмылІэужьыгъуэхэм, ІэнатІэ зэхуэмыдэхэм. ЛъэныкъуэегъэзэзУ къэнакъым Урысей гвардием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ ІэнатІэм къулыкъу щызыщІэхэр, абы и ІэщІагъэлІхэр. Абыхэм диктантыр щатхащ «Іуащхьэмахуэ лъапэ бийм щызыхъума лІыхъужьхэм» фэеплъым и деж. А щІыпІэр ауэ сытми къыхахакъым. 1942 гъэм, Хэку зауэшхуэр екІуэкІыу, а щІыпІэм Кавказыр хъумэным ехьэлІа зауэ гуащІэхэр щаублат. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкІэ, абы жыджэру хэтат къэрал кІуэцІыдзэхэм а лъэхъэнэм къулыкъу щызыщІахэр.

Диктантыр ятха нэужь, а Іуэхугъуэхэм тепсэлъыхьащ къызэхуэсахэр. Урысей гвардием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ ІэнатІэм и унафэщІым и къуэдзэ, полковник Трушин Алексей зэрыжиІамкІэ, Кавказым и щхьэхуитыныгъэм щІэзэуа, абы папщІэ зи псэр зыта зауэлІхэм я фэеплъыр ди гум сыт щыгъуи илъынущ. Абыхэм я фэеплъым пщІэ зэрыхуащІым и нэщэнэщ къулыкъущІапІэм и ІэщІагъэлІхэр жыджэру урысейпсо акцэм зэрыхэтари.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● adyghe@mail.ru ● adyghepsale.ru ● apkbr.ru ● smikbr.ru ● Адыгэ Псалъэ ● Адыгэ Псалъэ ●

● Юбилей

# Сэралъп Мадинэ и арт-центрыр илъэси 10 ирокъу

**ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм и ихьэпIэм илъэсипщI ипэкIэ иращIыхьа унэ дахэшхуэр зищIысыр а зэманым куэдым къагурымыIуами, иджыкIэ «Сэралъп Мадинэ и арт-центрыр» щэнхабзэ Iуэхущ IапIэ псоми ефIэкI, зэхыхьэ щхьэпэ куэд щекIуэкIыу зэрыщытыр дэтхэнэми къыбжиIэфынущ. Абы зэ нэхъ мыхъуми щымыIауэ ди щIыналъэм исыр зырызыххэщ.**

ЩЭНХАБЗЭМ и хьэщIэщкIэ седжэмэ, сыщыуэну къыщIэкIынкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а Iуэхущ IапIэм дапщэщи дауэдапщэ хэплъыхьахэр, гукъинэжхэр къыщызэрагъэпэщ зэпытщ. Лъэпкъым, анэдэлъхубзэм, тхыдэм, Iэщэ-фащэм, макъамэм, литературэм теухуауэ а унэм щекIуэкI пшыхь гукъинэжхэр сыт я уасэ?! Ар зи фIыгъэр, дауи, арт-центрым и унэгуащэ гуапэ Сэралъп Мадинэщ.

Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ядригъэкIуэкI лэжьыгъэ щхьэпэм, гъэсэныгъэм папщIэ арт-центрым и юбилейм ирихьэлIэу Сэралъп Мадинэ къыхуагъэфэщащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и щIыхь, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и фIыщIэ тхылъхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ гъащIэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщI бзылъхугъэ IэпэIэсэ Сэралъп Мадинэ хэт зымыцIыхур?! Адыгэ фащэр ди щIэблэм фIыуэ езыгъэлъагъуу къезыгъэщтэжахэм ящыщу къэплъытэ хъунущ Мадинэ. Сэралъпыр къыщалъхуар Тэрч куейм хыхьэ Дей къуажэращ. Езым зэрыжиIэмкIэ, сыт щыгъуи дэну фIэфIу щытащ, и адэ-анэми хъыджэбзым и фIэфIыныгъэр къыщыпамыубыдым, япэщIыкIэ Ставрополь дэт технологическэ техникумым щыгъыным и художественнэ моделированиемкIэ и къудамэр, иужькIэ Герценым и цIэр зэрихьэу Санкт- Петербург дэт университетым психологиемкIэ и къудамэр къиухащ. Абы и щыгъын зыкъизыххэр щIэлъу 2002 гъэм пэш екIу къызэIуихауэ щытащ. Уеблэмэ ар зэман гуэркIэ ядэлэжьащ Санкт-Петербург дэт тыкуэн нэхъ лъапIэхэм.


Сурэтыр **Свириденкэ Татьянэ** *трихащ.*

Сэралъпым и гъэлъэгъуэныгъэ щхьэхуэхэр щIыпIэ зыбжанэм ехъулIэныгъэ иIэу щрагъэкIуэкIащ. Рим, Москва, Истамбыл къалэхэм я выставочнэ пэшхэм щыплъагъунущ Мадинэ и бостейхэр. Ар «хъэтI» щхьэхуэ зиIэ дэрбзэрщ. Абы и фащэ екIухэм ди къэралым и мызакъуэу, хамэ къэралхэми щIэупщIэ ин щаIэщ. Уеблэмэ, унагъуэ щихьэкIэ Мадинэ и фащэхэм хуэдэ щызытIэгъэну щIэмыхъуэпс адыгэ пщащэ къэгъуэтыгъуейщ.

А псом къищынэмыщIа, Мадинэ псапащIэ Iуэхуми хуэжыджэрщ. Аращ зи жэрдэмыр илъэс къэс сабийхэм папщIэ ирагъэкIуэкI «Мир в ладошке» псапащIэ Iуэхур. Илъэсиблым щIигъуауэ дизайнер ныбжьыщIэхэм я хэгъэгу зэпеуи къызэрегъэпэщ абы. А и лэжьыгъэшхуэрщ Мадинэ «Персона года», «Женщина года», «За верность традициям» цIэ лъапIэхэр къыщIыхуагъэфэщар.

Пасэрей Iэужьым и нобэрей ежьуэ къэплъытэ хъунущ арт-центрыр.

Иджыблагъэ, IуэхущIапIэр илъэсипщI щрикъум ирихьэлIэу, абы гъуазджэхэмкIэ школхэмрэ я къудамэхэмрэ ягъусэу зэпеуэ щрагъэкIуэкIати, зэфIэкI зиIэ ныбжьыщIэ 50-м щIигъу хэтащ. Сэралъп Мадинэ сабийхэр арт-центрым иригъэблагъэри, щIэлъ хьэпшыпхэр яригъэлъэгъуащ, дэтхэнэми и тхыдэм и гугъу яхуищIащ.

- Сабийхэм зэхахамрэ ялъэгъуамрэ апхуэдизкIэ телъыджэ ящыхъуати, арт-центрым и сурэтыр ящIыну занщIэу яужь ихьат. Щхьэж и гупсысэ къызэрихь елъытауэ зэхъуэкIыныгъэ халъхьэу, - жеIэ гъэлъэгъуэныгъэм щыIа, КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ.

Паркым къыщызыкIухьхэм а махуэм гу лъатауэ къыщIэкIынщ унэм и хъуреягъым къепщIэкIауэ удзыпцIэм сурэт ящIу хэса ныбжьыщIэ цIыкIухэм. ЕгъэджакIуэхэмрэ сабийхэм я адэ-анэхэмрэ ямыгъэщIагъуэу къэнакъым цIыкIухэм гукъыдэж ин яIэу, щхьэж и лэжьыгъэм щIэ гуэр зэрыхалъхьэным хущIэкъуу а махуэм зэрыщытам. УнэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэр къагъэсэбэпащ сурэтыщI ныбжьыщIэхэм. Унэм и теплъэр зэращIыну щIыкIэмрэ лъэныкъуэмрэ езыхэм къыхахыжырт. Абыхэм я сурэтхэм гулъытэ зыщыхуащIар ухуэныгъэр зэрыщытым хуэдэу и теплъэр ящIыныр аракъым, атIэ абы щахъумэ хьэпшыпхэм я нагъыщи къытещыну хуейхэт. КъэпщытакIуэ гупым хэта, гъуазджэхэмкIэ школхэм я егъэджакIуэхэми езы Мадини гъэщIэгъуэн ящыхъун лэжьыгъэ куэд я пащхьэ кърахьат.

Сабий зэпеуэ псори гъэщIэгъуэнщ, ауэ мыбы къызэрымыкIуэу хуабагъэ ин къыпкърыкIырт, псори зэхуэгуапэу зэдэIэпыкъужырт. Абы хэта псоми щIыхь тхылъхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ тыгъэ хуащIащ. КъэпщытакIуэ гупым щхьэхуэу къыхагъэщащ гъэщIэгъуэну къалъыта лэжьыгъэ зыбжанэ. Апхуэдэхэщ: Гладчук-Диденкэ Анастасие (гъуазджэхэмкIэ сабий школ №1), Чертковэ Кристинэ (художествэхэмкIэ сабий школ), Джэху Элинэ (Къып М. и цIэр зэрихьэу Къулькъужын Ищхъэрэ дэт гъуазджэмкIэ сабий школ), Сокъур Миленэ (Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэ, гъуазджэхэмкIэ сабий школ №2).

ЦIыкIухэр хуабжьу яфIэгъэщIэгъуэну зэпеуэм хэтащ, а зэIущIэр я творческэ зыужьыныгъэм хуэщхьэпэну, нэхъыбэм тегушхуэну гугъэфIхэр уагъэщI.

**ИНЭРОКЪУЭ Данэ.**

# Усыгъэм и лъахэм



**«Жан» литературэ клубым «Ростелеком» акционер зэгухьэныгъэ зэIухар (ПАО) и дэIэпыкъуэгъуу иригъэкIуэкIащ усэ къеджэнымкIэ «Усыгъэм и хъуреягъкIэ» («Круговорот поэзии») онлайн зэпеуэр. КъызэгъэпэщакIуэхэм Iуэхум хэтыну кърагъэблэгъащ зи анэдэлъхубзэкIэ усэ къеджэн зыфIэфIхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым нэмыщI, абы къыхыхьащ Дагъыстэным, Кърымым щыщхэри.**

ИЛЪЭС куэд лъандэрэ литературэ клубым иригъэкIуэкI «Усыгъэм и хъуреягъкIэ» пшыхьхэм я мурад нэхъыщхьэщ усэхэр анэдэлъхубзэкIэ гъэIуныр. МызыгъуэгукIэ Iуэхум нэхъ зрагъэубгъуащ. Ныбжь зэхуэмыдэ зиIэхэр зэпеуэм къызэрыхыхьам ар нэхъри щIэщыгъуэ ищIащ. ГъэщIэгъуэнт укIэлъыплъыну икIи зэпэплъытыну нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ усыгъэ дунейр зэрызыхащIэр. Зэпеуэм къызэригъэувым тету, щхьэж и анэдэлъхубзэкIэ усэ къеджэу видеоролик зытрахыурэ къагъэхьащ. Усэхэм къахэщын хуейт лъагъуныгъэ: Хэкум, анэдэлъхубзэм, лъахэм, унагъуэм, лъэпкъ хабзэхэм, цIыху щхьэхуэхэм яхуэгъэзауэ.

Зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым хэтащ «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, «Жан» зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Заринэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и «Пересмешник» театрым и художественнэ унафэщI Дохъушокъуэ Мадинэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент, «Жан» клубым и унафэщI Гугъуэт Заремэ, «Жан» зэгухьэныгъэм и председатель, журналист Шэрдан Лилианэ сымэ.

Онлайн зэпеуэм щытекIуащ адыгэбзэкIэ усэ къеджахэу Къущхьэ Амилинэ, УнэлIокъуэ Афинэ, УнэлIокъуэ Зурьянэ, Абазэ Албэч; балъкъэрыбзэкIэ къеджахэу Цепишевэ Эльвирэ, Журтубаевэ Зульфия, Бейтуганов Исмэхьил; урысыбзэр зыгъэIуа Дмитриев Максим; кърым-тэтэрыбзэкIэ хэта Ильясовэ Эмине, кубачиныбзэр зыгъэIуа Уммалатов Гаджикурбан сымэ.

«Ростелеком»-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-секретарым зэпеуэм теухуауэ жиIащ:

- ДэркIэ нэхъыщхьэт зэпеуэм нэхъыбэ зэрыдедгъэхьэхыныр, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм дащыгуфIыкIащ. Абы папщIэ интернетым къыдит IэмалыфIхэр къэдгъэсэбэпащ - а IэмалымкIэ куэдым уалъоIэсыф. Ди гугъэщ мыбы хэтахэм я гум дахагъэ къыщыушауэ. «Ростелеком»-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм текIуахэм тыгъэхэр яхуигъэхьэзыращ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Гъуазджэ курыхым и IуэхущIапIэ

**Сэралъп Мадинэ и арт-центрым щэнхабзэ и лъэныкъуэкIи, и теплъэкIи илъэсипщI хъуауэ Налшык къалэр егъэдахэ. Егъэлея хъуну къысщыхъуркъым, ар гъуазджэ курыхым и IуэхущIапIэу жысIэмэ.**

АРТ-ЦЕНТРЫМ и илъэс бжыгъэ дахэм ехъулIэныгъэфIхэр иIэу ирохьэлIэ. ИджыкIэ ар щэнхабзэ, егъэджэныгъэ, гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я IуэхущIапIэщ, IэпэIэсагъэм, модэм, лъэпкъ фащэм я тхыдэм я унэщ. Ар къызэрызэIуахрэ и щIэупщIэм хэхъуэ зэпытщ, ар ди къэралым зихуэдэ имыт щэнхабзэ зэхуэсыпIэ зырызхэм ящыщщ. Абы ущрихьэлIэнущ тхыдэджхэм, IуэрыIуатэджхэм, гъуазджэм и лэжьакIуэхэм, макъамэтххэм, сурэтыщIхэм. Уи гуапэ мыхъуу къанэркъым а IуэхущIапIэм блэкIа лIэщIыгъуэм и щыхьэт пасэрей хьэпшыпхэр егугъуу зэрыщызэхуахьэсым. КъызэрыгуэкIыу къыпщыхъу хьэпшыпхэр гъуазджэм щыщ Iыхьэ щащIыф а унэ телъыджэм. Абы и фIыгъэкIэ уемыхъуэпсэнкIэ Iэмал зимыIэ фэилъхьэгъуэхэр ящI къудейкъым, атIэ блэкIамрэ нобэмрэ зэпызыщIэ лъэмыж тралъхьэ. Мис а щхьэхуэныгъэхэм центрыр Къэбэрдей-Балъкъэрыр щIэгушхуэ щIыпIэхэм ящыщ ящI.

Арт-центрым и ехъулIэныгъэ зи гугъу сщIыхэр зрагъэхъулIэн папщIэ ар къызэзыгъэпэщахэм илъэс бжыгъэкIэ емызэшу лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ. Ар и фIыгъэщ а IуэхущIапIэм и унафэщIым – дахагъэм, уардагъэм, гуакIуагъэм я щапхъэу къалъытэ бзылъхугъэм. Сэралъп Мадинэ и творчествэм щыхузэфIокI европейскэ жыпхъэмрэ лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэмрэ зэкIуу щызэхилъхьэн, абы хабзэри иджырей дунейм щыщ Iыхьэхэри дэщIыгъуу, аращ ар адрейхэм емыщхь зыщIри, художественнэ хъэтI хуэхъужри. Абы и дэтхэнэ лэжьыгъэми фIагъ лъагэ иIэщ, ар бзылъхугъэр емызэшу а IэнатIэм зэрыпэрытым, зэрегугъум и фIыгъэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ Мадинэ художникыу къэплъытэ хъунущ. Абы и лэжьыгъэхэм, модэм теухуа зэхыхьэхэм и мызакъуэу, хамэ къэралхэм я музей цIэрыIуэхэми уащрохьэлIэ.

Мадинэ и профессиональнэ гъуэгуанэм увыпIэ щхьэхуэ щаубыд лъэпкъ нэщэнэхэр къызытещ хьэпшыпхэм. КъБР-м щыпсэухэм ди дежкIэ а IэрыкIхэр хуабжьу лъапIэщ икIи гъэщIэгъуэнщ. Лъэпкъ Iэужьыр къызытещхэр зэманым декIуу, иджырей гъащIэм тещIыхьауэ щIащ. А щхьэхуэныгъэхэм ахэр тIэунейуэ лъапIэ ящI.

Арт-центрыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъумкIэ ар фIыуэ зылъагъу, щIэх-щIэхыурэ екIуалIэ псоми, дизайнерым и творчествэр зылъытэхэми, езы Мадини сохъуэхъу. Щхьэхуэу фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ абы иригъэкIуэкI узэщIыныгъэ лэжьыгъэм, зэфIэкI зиIэ щIалэгъуалэм зэрызащIигъакъуэм папщIэ, апхуэдэу хуэсакъыу, егугъуу лъэпкъ Iэужьыр, IэрыкIхэр зэрихъумэм, пасэрей хьэпшыпхэм елэжьыжу ди гъащIэм къызэрыхипщэм папщIэ.

Фызэлэжь Iуэхур ди зэманым дызыхуейщ. Си фIэщ мэхъу IуэхущIапIэм адэкIи и зэфIэкIым зэрызиубгъунур, зызрипщыт Iуэхухэм зэрыхигъэхъуэнур, зэфIэкI зиIэ цIыху куэд къызэригъэунэхунур, я лэжьыгъэм нэIуасэ хуэхъу дэтхэнэми гурыфIыгъуэ зэраритынур.

Арт-центрым профессиональнэ, творческэ ехъулIэныгъэ иIэну сыхуохъуахъуэ.

**ЕГОРОВЭ Татьянэ,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и УнафэщI.*


Сурэтыр **Щоджэн Жаннэ** *ейщ.*

# Адыгэ лъэпкъым ехьэлIа зэхыхьэхэр щыдыдох

**2008 гъэ лъандэрэ Сэралъп Мадинэ ди гъусэу идогъэкIуэкI «Гъэм и теплъэгъуэхэр» зи фIэщыгъэ адыгэ усэ пшыхьхэр. Апхуэдэ зэхыхьэхэр театрым щыщытщIым щыгъуэ, утыкур зэIухын, дизайн я лъэныкъуэкIэ ар къытхуэзэзыгъэпэщыр Мадинэт.**

АРТ-ЦЕНТРЫР къызэрызэIуахрэ, илъэсым и нэхъ мащIэу плIэ усэ пшыхьхэр щыдогъэкIуэкI. Абы и закъуэкъым, тхылъхэм я лъэтеувэхэри, нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэди къыщызыдогъэпэщ. Адыгэ щэнхабзэм ехьэлIа сыт хуэдэ Iуэхугъуэ дигу нэсми, щыдэтхыну Iэмал диIэщ.

Жылагъуэ зэгухьэныгъэ ущыхъукIэ, Iуэхур щIэгъэкъуэныншэу къыпхуэзэгъэпэщыркъым. Мадинэ «Щэнхабзэ Iэужьым зегъэужьынымкIэ институт» фIэщыгъэм щIэт жылагъуэ зэгухьэныгъэ иIэщ. ЩIалэгъуалэм е балигъым я Iуэху ирехъу, дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу бгъэдыхьэм я мурадым йоплъри, игу дыхьэмэ, арт-центрыр хуит яхуещI, зэрыхузэфIэкIкIэ защIегъакъуэ.

**КЪАНЫКЪУЭ Заринэ,**
*«Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ,*
*усакIуэ, тхакIуэ, драматург,*
*«Жан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI.*

# Щэнхабзэм и зыукъуэдиипIэ

**А унэ дахэшхуэр дзэл щхъуантIэхэм къахэплъу къалэкум итщ. ИлъэсипщI лъандэрэ хьэщIэ кIуапIэщ, цIыху зэхуэсыпIэщ, щэнхабзэм и зыукъуэдиипIэщ. Арт-центрым зи IэдакъэщIэкIхэр щызыгъэлъагъуэр адыгэ IэщIагъэлIхэм я закъуэкъым, абы куэдрэ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэм я пшыхьхэри къыщызэрагъэпэщ.**

ИЛЪЭС зыбжанэ хъуауэ арт-центрым Сэралъп Мадинэ и нэIэ щIэту «Щэнхабзэ Iэужьым зегъэужьынымкIэ институт» фIэщыгъэм щIэт проект щагъэзащIэ. Лъэпкъ щэнхабзэм, иджырей гъуазджэм, тхыдэр зи лъабжьэ дауэдапщэхэм, лекцэхэм, мастер-классхэм зэфIэкI инхэр къэзыгъэлъагъуэ щIалэгъуалэр, сабийхэр къыхашэ зэпытщ.

ИлъэсипщIым щIигъуауэ Мадинэ КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжым щеджэхэм я деж зэпеуэ щрегъэкIуэкI. Ар щIэх-щIэхыурэ ирагъэблагъэ дизайнер ныбжьыщIэхэм я диплом лэжьыгъэхэр къэзыпщытэхэм яхэтыну. ЕджапIэр къэзыух куэдым я IэдакъэщIэкIхэр арт-центрым щагъэлъагъуэ, иужькIэ абыхэм ящыщхэми Мадинэ ядолажьэ.

Сэралъпым лэжьыгъэ гъэщIэгъуэн куэд зэдехь. Абы фащэ дахэхэр идым и мызакъуэу, пасэрей хьэпшыпхэр зэхуехьэс, езым и сурэтхэмкIэ гъэщIэрэщIауэ, тхылъ, сурэтылъэ телъыджэхэр къыдегъэкI. Абыхэм ящыщщ «В реке времени...», «Мир Нальбия Куека», «Дом души» къыдэкIыгъуэхэр.

Арт-центрым Iэтауэ щащIащ ХьэIупэ ДжэбрэIил, ГъукIэ Замудин, Црым Руслан, Мырзэ Аслъэн, Къаныкъуэ Заринэ сымэ я IэдакъэщIэкI тхылъхэм я лъэтеувэ. Композитор цIэрыIуэ Къэбэрдокъуэ Мурат, Чениб Нэфсэт, Косач Ферузэ, КIасэхэ Аминэрэ Амалрэ, Довгань Александрэ сымэ, нэгъуэщIхэми я макъамэ телъыджэхэм едэIуэн папщIэ абы цIыхухэр мызэ-мытIэу зэхуишэсащ.

Центрым щагъэлъэгъуащ Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъу пщащэ Къэрэгъул Зейнэ, абхъаз сурэтыщI Хурхумал Лялэрэ Арсалие Эльвирэрэ, Аккизовхэ Сиярэрэ Имарэрэ, Жаныкъуей Элинэ, Газаевэ Разият сымэ я IэдакъэщIэкIхэр. Куэдым гукъинэж ящыхъуащ Истамбыл щыпсэу ди лъэпкъэгъу Бещто Закий и сурэт телъыджэхэу центрым утыку къыщрахьахэр. Абы Багъ Саид, Балъкъэр Юрэ, Гусейнов Олег сымэ я моноспектакль, творческэ зэIущIэ щIэщыгъуэ щекIуэкIащ.

Щхьэхуэу и гугъу щIыпхъэщ Мадинэ Санкт-Петербургрэ Москварэ дэт музейхэмрэ урысей гъуазджэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэхэмрэ яхуиIэ творческэ пыщIэныгъэм. Ахэр Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ди щIыналъэм кърашалIэ. Псалъэм папщIэ, унэр къыщызэIуахым лентI плъыжьыр зэпызыупщIа кинорежиссёр цIэрыIуэ Сокуров Александр триха «Фауст» фильмым хэтахэм ящыгъа фащэ телъыджэхэр арт-центрым тыгъэ яхуищIащ.

Санкт-Петербург и Михайловскэ театрым Эсхил и пасэрей алыдж трагедиер и лъабжьэу Сокуровым щигъэува «Орестея» спектаклым щыджэгуахэм я фащэхэр Мадинэщ зыдар.

Куэд щыгъуазэщ Мадинэ илъэс бжыгъэфI хъуауэ Эрмитажым, Урысейм и этнографие музейм, КъуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыпсэу лъэпкъхэм я гъуазджэм и къэрал музейхэм зэрадэлажьэм. Щэнхабзэм и лъахэу къалъытэ УФ-м, Рим, Истамбыл къалэхэм Сэралъпым и бостейхэр щагъэлъэгъуащ. Пасэрей адыгэ бзылъхугъэ фащэр, ар махуэкъэс щыгъын е хьэгъуэлIыгъуэ бостей ирехъу, щэкIым я нэхъыфIым къыхэщIыкIарэ егугъуу дауэ абы ди пащхьэ кърихьэхэр лъэпкъ щэнхабзэм и къэхъугъэ телъыджэщ.

Сэралъп Мадинэ и цIэр дунейпсо утыкум япэу щыщраIуар Иорданием я пащтыхьымрэ абы и нысащIэмрэ я хьэгъуэлIыгъуэ фащэхэр щахуидарщ. А бостейм теухуауэ «Hello» журналым тета тхыгъэм ар зыда дэрбзэрым и Iэзагъым теухуауэ псалъэ дахэ куэд щыжаIащ. «Черкесский круг»-м хэтахэм я фащэ телъыджэхэри зыдар Мадинэщ. Ар Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм, Москва, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щагъэлъэгъуат. Сэралъпым и фащэхэр нобэ брэнд цIэрыIуэщ.

2018 гъэм арт-центрым утыку къыщрахьащ «Лики прошлого в настоящем» фIэщыгъэм щIэт проект гъэщIэгъуэныр. СурэтыщI цIэрыIуэхэу Къэрэгъул Зейнэ, Аккизовэ Имарэ, Сэралъп Мадинэ сымэ я IэдакъэщIэкI лэжьыгъэ телъыджэхэр щагъэлъэгъуат абы. А сурэтхэм лъэпкъым и тхыдэм, псэукIэм ижь иджырей щыIэкIэ-псэукIэм къызэрыщIихуар Iупщ Iу къагъэлъагъуэрт. Къыхэгъэщыпхъэщ Мадинэ къызэригъэпэщ дэтхэнэ гъэлъэгъуэныгъэми къэпщытэныгъэр лъабжьэ зэрахуищIыр, абыхэм дэтхэнэми я тхыдэ гъэщIэгъуэн яIэжщ, блэкIар, къэкIуэнур, нобэр зэпызыщIэ Iуэхугъуэщ. Арагъэнщ ар апхуэдизу цIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэн щIэхъур.

И зэфIэкI псоми къищынэмыщIауэ, Мадинэ икIи егъэджакIуэ Iэзэщ. 2019 гъэм ар хагъэхьащ «Полярис-Адыгея» фIэщыгъэм щIэт, зэфIэкI лъагэ зиIэ сабийхэм защIэгъэкъуэнымкIэ хэгъэгу советым.

Сэралъп Мадинэ Адыгейм фIыуэ къыщацIыху, пщIэ ин къыщыхуащI, абы и IэрыкIхэм щIэупщIэшхуэ щаIэщ. Абы и щыхьэтщ «Адыгейм щIыхь зиIэ и сурэтыщI» цIэ лъапIэр къызэрыхуагъэфэщар.

Сэралъпхэ я творческэ унагъуэм щхьэхуэу и гугъу сщIынут. Сэралъп зэщхьэгъусэхэу Альбертрэ Мадинэрэ арт-центрыр къызэрагъэпэщащ, абы я мылъку, къару щымысхьу халъхьащ. Сэралъп Альберт Налшык дэт «Эрмитаж-Кавказ» щэнхабзэ IуэхущIапIэм и унафэщIщ. Абыхэм япхъуухэу Лалинэрэ Ликэрэ я анэм ещхьу дэрбзэр IэщIагъэм хуеджащ икIи ехъулIэныгъэфIхэр яIэщ. Лалинэ ныбжькIэ зэрыщIалэ дыдэм емылъытауэ, дизайнерскэ щыгъынхэр иду иригъэжьащ. Къыхэгъэщыпхъэщ абы и щыгъынхэр зи щIалэгъуэ куэдым яфIэфIу зэрыщагъагъыр. Ар модэмкIэ дунейпсо, урысейпсо проектхэм ехъулIэу хэтщ. Урысейм фIыуэ къыщацIыху дизайнер Зайцев Вячеслав и деж щеджащ.

Ликэ Москва дэт институтхэм язым IэщIагъэ щызрегъэгъуэт, урысейпсо зэпеуэ куэдым бжьыпэр щиубыдащ.

Сэралъп Мадинэ и арт-центрыр адэкIи ефIэкIуэну, творческэ къару щымыщIэну си гуапэщ!

**ЩХЬЭЛАХЪУЭ Светланэ,**
*Адыгейм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*

● Егъэджэныгъэ

# Нэхъри зеужь, йофIакIуэ

**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым епхауэ иджыблагъэ хъыбарыфI къэIуащ - «Университетыр зыхущыIэ къалэнищ» зи фIэщыгъэ VI Дунейпсо пщалъэм ар нэхъыфI дыдэхэм яхилъытащ, иригъэкIуэкI щIэныгъэ-егъэджэныгъэ Iуэхухэмрэ зэфIигъэкI жылагъуэ-экономикэ жэрдэмхэмкIи пашэныгъэр зэриIыгъыр утыкушхуэм къыщыхагъэщащ.**

УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ Урысейм и Ректорхэм я зэгухьэныгъэм къызэригъэпэща Iуэхугъуэщ «Университетыр зыхущыIэ къалэнищ» рейтингыр. Ар зыгъэлажьэри, егъэджэныгъэм хэтхэм я лэжьэкIэр зэгъэпщэным епха оператор хуэIухуэщIэхэр езыгъэкIуэкIри «Рейтинг пщалъэхэр къызэгъэпэщынымкIэ, рэнкинг щIынымкIэ, фIагъхэр къэлъытэнымкIэ икIи зэгъэуIунымкIэ зэгухьэныгъэ» IуэхущIапIэрщ. Абы хэтщ дуней псом щыцIэрыIуэ щIэныгъэхутэ центрхэмрэ рейтинг хуэIухуэщIэхэр езыгъэкIуэкIхэмрэ.

«Университетыр зыхущыIэ къалэнищ» рейтинг пщалъэр Урысейм и ректорхэм я жэрдэмкIэ япэ дыдэу 2017 гъэм ирагъэкIуэкIащ, абы зыхуигъэувыж къалэнхэм хохьэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм еджэныгъэр къызэрыщызэгъэпэщар, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэр зэрыщызэтеублар, жылагъуэм зэрыпыщIар зэхигъэкIыныр. НэгъуэщI зы Iуэхугъуи къелъытэ пщалъэм - университетыр къэзыухауэ «Википедия» интернет-щIэнгъуазэ хуитым зи цIэ къыщыкIуэ цIыхухэм я бжыгъэри. Къыхэгъэщын хуейщ: я цIэр къыхэщ къудейкIэ зэфIэкIынукъым, ятеухуа тхыгъэ щхьэхуэ а интернет-щIэнгъуазэм илъын хуейщ.

2021 гъэм рейтинг пщалъэр УФ-м и Правительствэм къилъытащ, абы игъуэта гъэпсыкIэмрэ къызэрыпщытэ щIыкIэхэмрэ пщIэ яхуищIащ - егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ пыщIауэ лажьэ хамэ къэрал IуэхущIапIэхэр хэгъэгум къыщихьэкIэ икIи «УФ-м щIэныгъэ-технологие зыужьыныгъэ» къэрал программэм хыхьэн щыхъукIэ, щыхьэтыгъэ лей я дипломхэм къыхуалъыхъуэн хуейкъым дяпэкIэ.

«Университетыр зыхущыIэ къалэнищ» зи фIэщыгъэ VI Дунейпсо рейтингым тепщIыхьмэ, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр хохьэ:

- дунейпсо пщалъэкIэ къалъыта гупым (университет 1651-1800);
- къэралпсо пщалъэкIэ къалъыта урысей университетхэм ящыщу 113 - 146-нэ увыпIэхэр зрата гупым (УФ-м къэралым и мылъку зыхухих, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрат IуэхущIапIэхэр 700-м щIегъу).

«Университетыр зыхущыIэ къалэнищ» дунейпсо пщалъэм еджэныгъэр нэсу къызэрыщызэгъэпэща, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэр зэрыщызэтеубла, жылагъуэм зэрыпыщIа я лъэныкъуэкIэ УФ-м и щIыналъэхэм ящыщу хыхьар 45-рщ. (Псори зэгъусэу урысей щIыналъэхэр 85-рэ мэхъу).

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къищынэмыщIауэ, Кавказ Ищхъэрэм ит университетхэм ящыщу Псыхуабэ дэт къэрал университетымрэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал университетымрэ дунейпсо пщалъэм хыхьащ.

Апхуэдэу къыхэгъэщын хуейщ Дунейпсо университет пщалъэм хыхьа еджапIэ нэхъыщхьэхэм я бжыгъэр 2022 гъэм 1800-м зэрынэсар. Нэгъабэ 1650-рэ хъууэ арат. Псори зэгъусэу пщалъэр кIэлъоплъ къэрали 103-м щыIэ университетхэм, абы хохьэ УФ-м щылажьэ университети 146-ри.

Дунейпсо университет пщалъэм (MosIUR) хузэфIэкIащ университетхэм жылагъуэр ефIэкIуэн и лъэныкъуэкIэ хуащI хэлъхьэныгъэр зыхуэдизми егъэджэныгъэм и фIагъыр къэзылъытэ нэгъуэщI дунейпсо рейтингхэр хуригъэплъэкIын, еджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ ауэ сытми зэрыщымыIэр, ахэр зэрызыгъэгъуэт цIыхур жылэм хуэлэжьэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр къэлъытэн зэрыхуейм.

ЩIэщыгъуагъ хэлъым и мызакъуэу, цIыхумрэ жылагъуэмрэ я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр и нэIэ зэрыщIэтым, щIэныгъэм щекIуэкI къэхутэныгъэхэр гъащIэм хэпща зэрыхъур къызэрыщIигъэщым и пщIэр еIэт. Еджэныгъэм и фIагъыр къэзыхутэ «IREG Observatory» дунейпсо рейтингым и унафэщI Луис Клаудио Коста трегъэчыныхь: «Си фIэщу жызоIэ «Дунейпсо университет пщалъэм» рейтинг къэхутэныгъэхэр лъагъуэщIэ зэрытришэр, иджыри къыздэсым гу зылъамыта Iуэхугъуэ куэдым зэрынэсыр, академие рейтинг хуэIухуэщIэхэм я етIуанэ, ещанэ лIэужьхэр абы къытекIыжыну зэрыщытыр».

Рейтинг къэхутэныгъэхэм нэхъри зеужь, йофIакIуэ. Дунейм щынэхъ пхъашэу къалъытэ, еджапIэ нэхъыщхьэхэр аудит зыщI, «PwC» дунейпсо интернет бэджыхъым хыхьэ «ПрайсвотерхаусКуперс Аудит» 2018 гъэм иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм Мэзкуу щызэхагъэува «Дунейпсо университет пщалъэм» пщIэ хуищIащ, рейтинг нэхъыфIхэми яхибжащ.

Гуапэщ хэгъэгури лъэпкъри зэрыгушхуэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и пщIэр зэрыдэкIуейр, и зэфIэкIхэм зэрыхэхъуэр, дуней псом къыщалъытэ зэрыхъур. Нэхъри ефIэкIуэну ди гуапэщ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

# ЛІэщІыгъуэхэм къапхыкІ гъуэгу

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм КъБР-м и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум ирихьэлІэу иджыблагъэ гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэт къыщызэІуахащ. «Къэбэрдей-Балъкъэр. ЛІэщІыгъуэхэм къапхыкІ гъуэгу» зыфІаща музей пэхуэщІэм (проектым) утыкум кърихьащ ди щІыналъэм къикІуа тхыдэ гъуэгуанэр къызытещыж хьэпшыпхэр, Іэмэпсымэхэр, сурэтхэр, тхылъымпІэхэр.**

● Щэнхабзэ



ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ уи нэгу щыщІэкІынур Лъэпкъ музейм и гъэтІылъыгъэхэм я закъуэкъым, атІэ мыбдеж щызэхуэхьэсащ щІыналъэхэм щыІэ лъахэхутэ музейхэм яхъумэ хьэпшыпыжьхэри, къуажэм е жылагъуэм и тхыдэр, щэнхабзэр, псэукІэ-зэхэтыкІэр къызытещ Іэмэпсымэхэри.

Лъэпкъ музейм къызэригъэпэща пэхуэщІэр махуипщІкІэ ягъэлъэгъуэнущ. Абы ущрихьэлІэнущ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я къэралыгъуэр зэрызэфІэувам и тхыдэм щыщ къэхъугъэ хьэлэмэтхэр къызытещыж сурэтыжьхэм, адыгэ дыщэидэм и щысэхэм, Іэщэ-фащэ зэмылІэужьыгъуэхэм, цІыхухъу, цІыхубз фащэхэм, шы Іэпслъэпсхэм, унэлъащІэхэм. Щхьэхуэу къыщыгъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм къыщыщІахыжа археологие Іэмэпсымэхэр - абыхэм яхэлъщ гъуаплъэм, гъущІым, мывэм къыхэщІыкІа хьэпшыпхэр, ди лъэпкъхэм я тхыдэр зыгъэкуу ІэщІагъэхэр.

Лъэпкъ музейм щекІуэкІ гъэлъэгъуэныгъэм и зы плІанэпэм щызэхуэхьэсащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал махуэшхуэхэм ирихьэлІэу гъунэгъу щІыналъэхэм къабгъэдэкІа тыгъэхэр. Апхуэдэу мыбдеж щыплъагъунущ Шэшэным, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Дагъыстэным, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Ставрополь щІыналъэм, Къалмыкъым я лІыщхьэхэм, къэрал къулыкъущІапІэхэм къагъэхьа фарфор хьэкъущыкъухэр, къупщхьэм, абджым, фэм къыхэщІыкІа хьэпшыпхэр, нэгъуэщІхэри. Дэтхэнэ зы теплъэгъуэ цІыкІуми лъэхъэнэм и лъэужьыр ехъумэ, тхыдэм и нэпкъыжьэ ятелъщ.

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэІуихым, Лъэпкъ музейм и унафэщІ Накуэ Феликс къыхигъэщащ утыку кърахьа дэтхэнэ зы гъэтІылъыгъэми Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъитІым - адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ - я щэнхабзэр ихъумэу, абыхэм я лъэпкъыщхьэр иІэту зэрыщытыр. «КъытщІэхъуэ щІэблэм къахуэдгъанэ хъуну хъугъуэфІыгъуэр ди мащІэкъым. Уригушхуэ хъуну, бгъэщІагъуэми пхуэмыухыну Іэджэ телъыджэ яхэлъ абыхэм. Дэ къытхуэнэжыр ахэр дджын, акъылрэ гупсысэрэ къахэтхын, ди гъащІэм хэтпщэу едгъэфІэкІуэнращ», - жиІащ Накуэ Феликс.

Апхуэдэу Накуэм зэІущІэм кърихьэлІахэм яжриІащ Лъэпкъ музейм къызэІуиха гъэлъэгъуэныгъэр КъБР-м и махуэхэр Мэзкуу щыщекІуэкІкІэ зэрахьынур, ар фокІадэм и 18 - 22-хэм щыхьэрым щыІэну гуфІэгъуэ дауэдапщэхэм зэрыщагъэлъэгъуэнур.

**ШУРДЫМ Динэ.**

● Футбол



# Пашэхэм гъунэгъу яхуохъу

**«Легион» (Мэхъэчкъалэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:2 (0:1). Мэхъэчкъалэ. Исинбаевэм и цІэр зезыхьэ «Труд» стадион. ФокІадэм и 3. ЦІыхуи 100 еплъащ.**

***Судьяхэр:*** Головко (Волгоград). Петров, Попов (тІури Астрахань щыщщ).

***«Легион»:*** Казиханов, Исмаилов (Исаев, 70), Наниев, Курбанов, Гамзатов, Битаров (Пухаев, 77), Панаев, Магомедалиев (Ипаев, 70), Мохбалиев, Вагабов (Джабраилов, 77), Саидов (Яхьяев, 60).

***«Спартак-Налшык»:*** Мицаев, Ольмезов (Молэмусэ, 68), Далиев, КІэдыкІуей, Лелюкаев, Белоусов, Хьэшыр (Мэкъуауэ, 68), Дэхъу, ЛІуп (Ашуев, 46), ХъутІэ (Топурия, 60), Къумыкъу (Торосян, 60).

***Топхэр дагъэкІащ:*** Къумыкъум, 38 (0:1). Мэкъуауэм, 82 (0:2).

***Дагъуэ къыхуащІащ*** Исмаиловым, Панаевым, ХъутІэм.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ фокІадэм и 3-м Мэхъэчкъалэ щызэхэтащ «Легион»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» я зэІущІэр. ЗэпэщІэтыныгъэм командэхэр щытыкІэ зэхуэмыдэм иту ирихьэлІащ. Гъэ джэгугъуэр зэрыщІидзэрэ ирагъэкІуэкІа зэІущІэхэм очкоиплІ фІэкІа къыщызымыхьыфа хэгъэрейхэр зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм и кІэух увыпІэхэм къыщыувыІат. Абыхэм къапэщІэта «Спартак-Налшыкыр» иджырей зэпэщІэтыныгъэм щытыкІэфІым иту хуэзащ. ПэщІэдзэ джэгугъуиххым очко пщыкІуз къыщахьауэ нэхъыфІхэм хэту къакІуэ налшыкдэсхэм я гукъыдэжыр къиІэтырт махуэ зыбжанэ ипэкІэ Урысейм и Кубокым щыщІэбэн зэІущІэм текІуэныгъэ зыІэрагъэхьэу зэхьэзэхуэм и 1/64-нэ Іыхьэм зэрынэсам.

Хэгъэрейхэм зэрахуэфащэу джэгур мэхъэчкъалэдэсхэм жыджэру къыщІадзащ. ПэщІэдзэ дакъикъэхэм къыщыщІэдзауэ «Легион»-м и футболистхэм Мицаевыр лэжьыгъэншэ ящІакъым. ЕпщыкІуплІанэ дакъикъэр екІуэкІыу ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщкІэ хэгъэрейхэр ди гъуэм къекІуэлІащ, арщхьэкІэ Гамзатовыр зэуа топыр ди гъуащхьэтетым къиштащ. Зэман куэд дэмыкІыу аргуэру гупышхуэу Мэхъэчкъалэ и командэр ди штрафнойм къизэрыхьащ. Абыхэм ящыщ зыр зэуа топым Мицаевым къригъэгъэзащ, арщхьэкІэ топыр къыкІэлъыкІуэу хэгъэрейхэм къаІэрыхьэжащ, абы кІэлъеуэжа иужьрейхэм я футболистыр гъуэм зымащІэкІэ техуакъым.

«Спартак-Налшыкым» и джэгукІэр щтэІэщтаблэу иригъэкІуэкІырт, «Легион»-м и гъуэм мащІэ дыдэрэт зэрекІуалІэр. ЕбгъэрыкІуэныгъэр мащІэми, абы и фІагъыр лъагэ дыдэу къыщІэкІащ. ЩэщІрэ еянэ дакъикъэр екІуэкІыу ди щІалэхэм контратакэ псынщІэ къызэрагъэпэщащ. Абы хэту топыр къызыІэрыхьа ХъутІэр штрафнойм щекІуалІэм, Къумыкъум и дежкІэ къыхитащ. Джамболэт куэдрэ емыгупсысу лъакъуэ сэмэгумкІэ топым гъуэмкІэ иригъэунэтІащ икІи гъуащхьэтетым пэжыжьэ плІанэпэм дыхьэ топым Казихановым зыри хуещІэжакъым - 0:1.

КъыкІэлъыкІуэ дакъикъэм джэгупІэ губгъуэм и кум къыщрагъажьэри, «Легион»-р налшыкдэсхэм я лъэныкъуэмкІэ къэкІуэтащ. Мицаевым и штрафнойм щихьэм, Гамзатовым топыр Вагабовым иритащ. Иужьрейр зэуа топыр пкъом зымащІэкІэ блэлъэтащ.

Загъэпсэхуну икІыным ипэ къихуэу мэхъэчкъалэдэсхэм ІэмалыфІ дыдэ яІащ бжыгъэр зэхуэдэ ящІыжыну. А махуэм «Легион»-м хэту ди гъуэм куэдрэ къыбгъэдыхьа Вагабовым и зи чэзу ебгъэрыкІуэныгъэм хэту Мицаевым хуэзанщІэ хъуащ. ЩытыкІэр зи нэІэ щІэт ди гъуащхьэтетым аргуэру и командэр къригъэлащ.

ЗэІущІэм и етІуанэ Іыхьэри хэгъэрейхэм жыджэру къыщІадзэжащ. Іэмал щыІэ щІыкІэ ахэр хущІэкъурт бжыгъэм зрагъэхъуэжыну, абыхэм дежкІэ дыщэ пэлъытэ очко нэхъ мыхъуми зыІэрагъэхьэну. Япэ дакъикъэ тІощым кърихубыдэу ебгъэрыкІуэныгъэ шынагъуэ зыбжанэкІэ ди гъуэм къекІуэлІащ «Легион»-р. АрщхьэкІэ, ипэкІэ мыкІуатэми, щытыкІэр зэпІэзэрыту зэтезыІыгъэ ди щІалэхэм хэгъэрейхэм топ дагъэкІыну Іэмал иратыртэкъым.

«Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкІуэныгъэ закъуэтІакъуэр зэгъэкІуауэ къызэригъэпэщырт. Апхуэдэу етІуанэ Іыхьэр щыщІидзэжым джэгум къыхыхьа Ашуевым бжыгъэр игъэбэгъуэным зымащІэщ иІэжар. Налшыкдэсхэм я контратакэм хэту ар хэгъэрейхэм я гъуащхьэтетым хуэзанщІэ хъуащ, арщхьэкІэ Казихановым псэемыблэжу абы зыпэщІидзэри, топыр къиштащ.

ЗэІущІэм и кІэух бжыгъэр щагъэувар джэгум хухаха зэманыр иухыным дакъикъипщІ иримыкъу къэнэжауэщ. Дакъикъэ пщыкІутху ипэкІэ губгъуэм къихьа Мэкъуауэм гупым къаруущІэ къыхилъхьэжащ. «Спартак-Налшыкым» иригъэжьа къыкІэлъыкІуэ ебгъэрыкІуэныгъэр ягъэлъэщащ етІуанэ Іыхьэм зэІущІэм къыхыхьахэм. Штрафнойм нэс топыр къэзыхьэса Ашуевым ар хуигъэжащ гъуэм нэхъ пэгъунэгъуу щыт Мэкъуауэм и дежкІэ. Иужьрейр къэзыухъуреихьа хэгъэрейхэм я гъуащхьэхъумэхэм лъэщу къапхрыукІащ. Ар зэуа топыр гъуащхьэтетым и лъагъуэм техуэри гъуэм дыхьащ - 0:2.

Иужьрей зэІущІэм къыщахьа очкоищым и фІыгъэкІэ «Спартак-Налшыкым» и очко бжыгъэхэм щы хилъхьэри, турнир таблицэм и етхуанэ увыпІэм нэс дэкІуэтеящ. Хэгъэрейхэр зы лъэбакъуэкІэ къекІуэтэхын хуей хъуащ.

ЕтІуанэ лигэм и Япэ гупым и ебланэ джэгугъуэм и адрей зэІущІэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикІуащ: «**Алания-2**» (Владикавказ) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **1:1**, «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **5:2**, «**Динамо**» (Ставрополь) - «**ЕсэнтІыгу**» (ЕсэнтІыгу) - **0:0**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Форте**» (Таганрог) - **2:2**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Ротор**» (Волгоград) - **3:3**, **СКА** (Дон Іус Ростов) - «**Чайка**» (Песчнокопскэ) - **0:1**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкІуэкІынущ. ФокІадэм и 10-м абы кърихьэблэгъэнущ Новороссийск и «Черноморец»-р.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

***Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФІ. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «**Ротор**» | 7 | 5 | 1 | 1 | 16-7 | 16 |
| 2. «**Чайка**» | 6 | 5 | 0 | 1 | 12-2 | 15 |
| 3. «**Биолог-Новокубанск**» | 7 | 4 | 2 | 1 | 11-7 | 14 |
| 4. «**Кубань Холдинг**» | 7 | 4 | 0 | 3 | 11-12 | 12 |
| 5. «**Спартак-Налшык**» | 7 | 3 | 2 | 2 | 13-8 | 11 |
| 6. «**Форте**» | 7 | 3 | 2 | 2 | 11-7 | 11 |
| 7. «Черноморец» | 6 | 3 | 2 | 1 | 7-5 | 11 |
| 8. СКА | 6 | 2 | 3 | 1 | 5-4 | 9 |
| 9. «Динамо» Ст. | 7 | 1 | 4 | 2 | 3-4 | 7 |
| 10. «Дружба» | 7 | 1 | 3 | 3 | 7-9 | 6 |
| 11. «Алания-2» | 7 | 1 | 2 | 4 | 4-14 | 5 |
| 12. «Легион» | 6 | 1 | 1 | 4 | 4-11 | 4 |
| 13. «ЕсэнтІыгу» | 7 | 1 | 1 | 5 | 3-10 | 4 |
| 14. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 7 | 0 | 3 | 4 | 7-14 | 3 |

● КъБР-м и МВД-м къет

## Судым нэсащ

**Урысей МВД-м Бахъсэн къалэм щиІэ къудамэм 2022 гъэм шыщхьэуІум и 16-м зыхуигъэзащ Ислъэмей къуажэм щыпсэу, илъэс 73-рэ хъу цІыхухъум. Щхьэусыгъуэр и банк картэм сом мини 5 зэрикІуэдыкІарт.**

УГОЛОВНЭ къэлъыхъуэныгъэмкІэ къудамэм и лэжьакІуэхэм къыщІагъэщащ щыпІэм щыпсэу, илъэс 26-рэ хъу цІыхубзыр, унагъуэм я цІыхугъэр а Іуэхум зэрыпыщІар. Абы зиумысыжащ икІи жиІащ цІыхухъум и картэм ахъшэ кърихынымкІэ нэхъ пасэу зэрыдэІэпыкъуар икІи кодыр игу зэрыриубыдар. ИужькІэ карточкэр къигъэсэбэпыну мурад ищІащ икІи ахъшэр кърихри, и щхьэ Іуэхум тригъэкІуэдащ.

Шэч зыхуащІым теухуа уголовнэ Іуэху къаІэтащ. Бахъсэн прокуратурэр арэзы зытехъуа зэрагъэкъуаншэ материалхэр судым ягъэхьащ зэпкърыхауэ хэплъэн папщІэ.

## Уэчыл нэпцІ

**Полицэм зыхуигъэзэн хуей хъуащ илъэс 61-рэ зи ныбжь прохладнэдэс цІыхухъум.**

ЗЭРЫЖИІАМКІЭ, и гъунэгъумрэ езымрэ яку щІы щхьэкІэ къыдэхъуа зэдауэм унафэ тещІыхьынымкІэ къыдэІэпыкъуну къэзыгъэгугъа уэчылым и Іуэхутхьэбзэм пэкІуэ ахъшэр илъэситхукІэ иритащ. Ауэ щыхъукІи, къыщхьэщыжыну къэзыгъэгугъам Іуэхум теухуауэ зыри ищІакъым, уеблэмэ 2021 гъэм телефоныр къытримых хъуащ. Лей зытехьам зэрыжиІамкІэ, а юристыр къыхуагъэлъэгъуат и цІыхугъэхэм. Псори зэхэту гъэпщІакІуэм иритащ сом мелуан 1,6-рэ.

ЦІыхухъур щІэтхьэусыхар хабзэхъумэхэм къалъыхъуэурэ шэч зыхуащІыр ябзыхуащ. Ар нэхъапэми мызэ-мытІэу суд зытраІыхьа, илъэс 25-рэ хъу налшыкдэсырщ. Абы уэчыл ІэщІагъи иІэкъым икІи зэи ирилэжьакъым.

Телефоныр къыщІытримыхым и щхьэусыгъуэри зэхагъэкІащ - ар ягъэтІысауэ тезырыр ипшыныжырт, илэжьа нэгъуэщІ щІэпхъаджагъэм къыпэкІуауэ.

Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм следствэмкІэ и ІэнатІэм уэчыл нэпцІым теухуа уголовнэ Іуэху къиІэтащ.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

● ЩІэ

# Журналым къытхуиІуатэр




**«Іуащхьэмахуэ» литературэ-художественнэ, жылагъуэ-политикэ журналым и зи чэзу къыдэкІыгъуэр - 2022 гъэм и еплІанэ номерыр - дунейм къытехьащ.**

ЖУРНАЛЫМ и япэ напэкІуэцІхэр хухэтхащ мы илъэсым и Іуэху нэхъыщхьэ дыдэу ди республикэм щыувам - Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум. Ди щІыналъэм и тхыдэм, абы и унафэщІу щытахэм, Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ я зэпыщІэныгъэр къыщежьам, Идархэ я лІакъуэм щыщхэм, егъэджэныгъэ ІэнатІэм зэрызиужьам, Налшык къалащхьэу щыІэм я нэхъ дахэу зэрыщытым, Социалист Лэжьыгъэм, Совет Союзым я лІыхъужьхэм, хэкум и зыужьыныгъэм псэемыблэжу хуэлэжьа цІыху цІэрыІуэхэм, театр гъуазджэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа артистхэм, Олимп чемпионхэм, нэгъуэщІхэми я гугъу щыщІащ журналым. Апхуэдэуи абы итщ щІыналъэм и юбилейхэр зэрагъэлъэпІам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и нобэм, махуэшхуэм дызэрыІущІэм теухуа тхыгъэ купщІафІэхэр. ЗытеухуахэрнаІуэу уи нэгу къыщІэзыгъэувэ сурэтхэмкІэ гъэбея тхыгъэхэр и ІэдакъэщІэкІщ Адыгейм щІыхь зиІэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор НэщІэпыджэ Замирэ. ФокІадэм ягъэлъэпІэну махуэшхуэм иращІэкІ гуфІэгъуэ Іуэху куэдым ящыщщ адыгэбзэкІэ республикэм къыщыдэкІ журнал закъуэм и напэкІуэцІи 110-рэ а Іуэхум зэрыхухэтхар.

Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ и «Удз гъэгъам дэгъуэжхэр» Іуэтэжращ прозэ рубрикэм щІэтыр. «Хьэтхэр», «Мэуэтхэр», «Чэрэчэ» тхыдэ романхэр зи ІэдакъэщІэкІ Анфисэ и бзэ къулейм дихьэххэр зэрымымащІэм къыхэкІыу, абы куэд зэрыщыгуфІыкІынум шэч хэлъкъым.

Усыгъэм и лъахэм дыхешэ и ІэдакъэщІэкІхэм дахащэу къеджэж Гугъуэт Заремэ. И усэу щэщІ къытеддзащи, абыхэм иджыри къахэхъуэну, щІэх-щІэхыурэ журналым и редакцэм къыІэрыхьэну ди гуапэщ. «Литературэ щІэныгъэ. Критикэ» рубрикэр нэхъыбэу зыфІэгъэщІэгъуэну къысщыхъур щІэныгъэлІхэрщ, е литературэм фІыуэ хэзыщІыкІ, абы и къэхъугъэхэм щыгъуазэ цІыхухэрщ. Журналым а и Іыхьэм итщ филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат Хьэвжокъуэ Людмилэ «Бицу Анатолэ и усыгъэр: зытеухуамрэ зэрыухуамрэ» зыфІища тхыгъэр.

«Публицистикэ» рубрикэм щІэтщ «Адыгэу укъалъхуныр насыпщ» зи псалъащхьэр. Тыркум къыщалъхуа, зи адэжь лъахэм къэкІуэжауэ тыншу щыпсэу Къетыкъуэ Мухьэрэм и гъащІэм, и унагъуэм теухуа тхыгъэр зейр НэщІэпыджэ Замирэщ.

КъыкІэлъокІуэ «Сабийхэм папщІэ» Іыхьэр. Абы, мызыгъуэгукІэ, дыкъызыщеджэр Осеевэ Валентинэ и Іуэтэжхэрщ («Къуэхэр», «ТхьэкІумэкІыхь пыІэ», «Псори къозыгъэхъулІэ псалъэ»). Ахэр зэзыдзэкІар «Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор Мыкъуэжь Людмилэщ. Журналыр и къыдэкІыгъуэщІэр зэхуещІыж куэд дэзыхьэх, зыпэплъэ псалъэзэблэдзым.

**ИСТЭПАН Залинэ,**
*«Іуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь.*

# Дунейпсо рекорд Бахъсэн щІыналъэм щагъэув

● ЗекІуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ Бахъсэн щІыналъэм къыщызэрагъэпэщащ шу зекІуэ. Дыгулыбгъуей къуажэр къежьапІэ зыхуэхъуа гупым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Адыгейм, Шэшэным, Ставрополь крайм къикІа шухэр. КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэмрэ Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министерствэмрэ даІыгъыу ар къызэригъэпэщащ Бахъсэн къалэ администрацэм.**

ЗЭХЫХЬЭМ кърагъэблэгъа Урысейм Рекордхэм я тхылъым и редактор нэхъыщхьэ Коненкэ Станислав къызэхуэсахэм захуигъазэу жиІащ: «Фащэ ящыгъыу шу 525-рэ зыхэта зекІуэр дунейпсо рекорд хъуащ. АбыкІэ дэтхэнэ зыми сынывохъуэхъу».

Бгылъэ лъагъуэхэмкІэ къекІуэкІа нэужь зекІуэм хэтахэр щызэхуэсащ 910-нэ лъагапІэм.

«Ди республикэм и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ шу зекІуэр нобэ екІуэкІащ. Мы зэхыхьэ дахэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэ куэдым я лІыкІуэхэмрэ гъунэгъу щІыналъэхэм къикІа хьэщІэхэмрэ. Си фІэщ мэхъу иджырей Іуэхугъуэр ди республикэри Кавказ Ищхъэрэ псори зэрыкъулей лъэпкъыбэхэм я хабзэхэр хъумэнымрэ ар щІэгъэбыдэнымрэ сэбэп зэрыхуэхъунур. ФІыщІэшхуэ фхузощІ жэрдэмыр дэзыІыгъахэми мыбы нобэ кърихьэлІа дэтхэнэ зыми», - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, къызэхуэсахэм захуигъазэу. ПэкІум и кІэухыу Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъ сыным удз гъэгъахэр тралъхьащ.

«Километр 12 зи кІыхагъ шу гъуэгуанэр Дыгулыбгъуей къуажэм къыщыщІидзэри Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм зэхэуэ гуащІэхэр щекІуэкІа 910-нэ лъагапІэм щиухащ. 1942 гъэм фашист зэрыпхъуакІуэхэм Псыхуабэ къаубыдри, Кавказ Ищхъэрэм и ебгъэрыкІуэныгъэм къыпащащ. А илъэсым и шыщхьэуІу мазэм къыщыщІэдзауэ 1943 гъэм и щІышылэм пщІондэ совет сэлэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щхьэкІэ зэуащ. Псом хуэмыдэу бийм и ебгъэрыкІуэныгъэр ерыщу ди сэлэтхэм щызэтраІыгъащ 910-нэ лъагапІэм, Хьэрэ-Хъуэрэ бгым, Зеикъуэ, Къызбрун, Курп Ипщэ, Налшык, бгы зэпрыкІыпІэхэм, - щитхащ КІуэкІуэ Казбек Телеграмм каналым щиІэ напэкІуэцІым. - Дрогушхэ Хэкум и къуэ пэжхэу, лІыхъужьыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу ди къэралри дуней псори фашизмэм къезыгъэлахэм. Дэ ди къалэнщ XX лІэщІыгъуэм и зауэ нэхъ шынагъуэ дыдэм и пэжыр тхъумэну, абы лІыхъужьыгъэ щызезыхьа ди адэшхуэхэм я фэеплъыр дымыгъэкІуэдыну, щІэблэщІэм ахэр я щапхъэу къэдгъэтэджыну».



**КЪЭХЪУН Бэч.**

# «Гуэрэным» шухэр къопІащІэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшык пэгъунэгъу Нартан къуажэм къедза «Гуэрэн» шыгъэжапІэм, хабзэ зэрыхъуам тету, жэпуэгъуэм и 1 - 10-хэм щекІуэкІынущ «Шэрджэс дерби» е «Адыгэш зэпеуэ» зыфІаща шыгъажэ кІыхьхэр.**

ЗЭПЕУЭР къызэрагъэпэщ Шы гъэхъунымкІэ урысейпсо институтымрэ Адыгэшыр хъумэнымрэ зегъэужьынымкІэ фондымрэ. Абы хэтыну хуитщ илъэси 7 нэхърэ мынэхъ мащІэ зи ныбжь адыгэшхэр.

Зэпачыну гъуэгуанэр километр 1000-м нос, абы махуипщІ трагъэкІуэдэнущ. ПсынщІагъыр - зы махуэм хуэзэу километри 100 зэпаупщІынущ. Километр 25-рэ къызэранэкІыху ветеринархэр шыхэм якІэлъыплъынущ, дэтхэнэми и гум и къеуэкІэр зы дакъикъэм хуэзэу 64-м фІэкІ хъунукъым. Шум и хьэлъагъыр, щыгъыныр хэмыту, нэхъ мащІэу килограмм 60 хъун хуейщ. Щыгъыныр хэтмэ - нэхъ мащІэу килограмм 75-рэ, нэхъыбэу - килограмм 90. ХеящІэхэм я унафэкІэ, шым тес шухэм захъуэж хъунущ. Ардыдэхэрщ зэлъытар шыр зэпеуэм и къыкІэлъыкІуэ Іыхьэм кІуэну хуит ящІынрэ ямыщІынрэ.

ТекІуауэ къалъытэнур километр 1000-м зэману нэхъ мащІэ тезыгъэкІуэдарщ. Апхуэдэм зэхьэзэхуэм иужькІэ шым «ЩытыкІэ нэхъыфІ дыдэм ит» цІэр иратынущ. Саугъэт фондыр сом мелуани 3-м нос.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
Жьэкlэмыхъу Маринэ (унафэщІ-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщІ-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщІ Изэ.



ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.777
Заказыр №1794
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* Джатокъуэ Марьянэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.).*
*КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.
*Сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.